

**Apri lè travay**, si ou gen on ijans ou on bezwen ki mande atansyon imedia, tanpri rele nimewo ekip ou. Wap jwen on manb nan staff la, e pi on infimye ap rele ou si li nesèsè.

Lwa Florid ekzije ke moun kap ba-ou swen sante ou byen kote ou resevwa swen rekonèt dwa-ou pandan wap resevwa swen medikal e ke ou respekte dwa moun kap ba ou swen sante dwa kote wap resevwa swen pou atan kèk jan de konpotman de pasyan. Ou kapab mande on kopi de tout lwa sa de moun kap ba ou swen sante ou de kote wap resevwa swen sante. On rezime de dwa e reskonsablite-ou, jan ke lwa Florid develop-l, e konbine an amoni avèk pa National Hospice e Palliative Organization di konsa:

**KOM PASYAN OU GEN DWA POU:**

**KALITE SÈVIS-** Yo pran swen-ou pa on ekip pwofesyonèl ki ap ba-ou sèvis mezon de repo ki jeneral e de kalite jan ke ou bezwen e ki bon pou-ou e fanmi-ou (ladan fanmi lwen e lot kalite lyezou de fanmi).

**KONPRAN SÈVIS KLEMAN-** Gen on konpreansyon kle de disponibilite de, e akse a sèvis de mezon de repo e a travayè kote sa yo ki fè vizit regilyèman e ki pre pou apèl 24 è de tan pa jou, 7 jou sou 7. Gen yon intèprèt disponib si ou pa pale Anglè.

**RAPOTE** tout pwoblèm bay liy ijans, (561) 227-5168, Lendi- Vandredi.

**AKSÈ A SWEN** – Aksè san patipri pou jwen swen e aranjman ki bon e konpasyon, san konsiderasyon de ras, peyi kote ou soti, sèks, relijyon, kwayans, andikap, oryantasyon seksyèl, plas kote ou rete nan zòn mezon repo-a sèvi, sous peman ou abilte pou peye pou sèvis ou resevwa.

**REPONS A KEKSYON** – Yon repons ki rapid e rezonab a tout kekasyon e demand.

**KONNEN KI YÈS KAP BAY SÈVIS** – Konnen ki yès kap bay swen medikal, ki reskonsab pou swen-ou e konbyen sèvis ap koute.

**ENFOME-OU A PWOP DE SANTE-OU** – Enfome on bon jan konsenan eta sante-ou, dyagNonstik, kous tretman planifye, altènatif, risk e koman gerizon posib pou ke ou paticipè nan planifikasyon tretman. Ekip pwofesyonèl de mezon de repo ap ba-ou enfomasyon dapre Patient Self-Determination Act a pwopo jan ou kapab di sa ou vle a moun kap pran swen-ou.

**ENFOME A PWOP DE TRETMAN MEDIKAL** – Enfome on bon jan a pwopo benefis ou pwoblèm ki ka genyen avèk tout tretman medikal ou sèvis ke mezon de repo propoze e pou aksepte ou refize tretman sa yo e/ou sèvis jan ke ou vle pèsònèlman, eksepte si la lwa di otreman. Ekip pwofesyonèl de mezon de repo-a ap ba-ou enfomasyon ki gen rapò avèk Patient Self-Determination Act konsenan jan ou kapab fè moun kap pran swen-ou konnen sa ou vle.

**KONSANTI OU REFIZE PATISIPASYON NAN RECHÈCH** – Konnin si tretman medikal se pou rezon rechèch e pou konsanti ou refize patisipe nan rechèch sa. Konnin ke ou gen dwa pou refize tretman e pou jwen respè pou bi nan la vi moral, spirityèl e filizofical-ou.

**YO TRETE OU AVEK RESPE** – Pou yo trete-ou avèk koutwazi e respè, avèk apresyasyon de diyite individyèl pou ou kom on moun, fanmi, moun kap ba ou swen e pwopriete, osi byen ke pwoteksyon pou bezwen ou pou prive e sekre pèsònèl.

**POU MOUN KAP BA OU SWEN EDIKE** – Fè yo edike fanmi e lot moun kap ba ou swen, si yo disponib, nan fason yo kapab ba-ou bon swen.

**TRETMAN MEDIKAL AN IJANS** – Tretman pou nimpot kondisyon medikal an ijans ki ap vin pi mal si ou pa resevwa tretman.

**PA RESEVWA ABI FIZIK** – Nimewo Ijans pou Eta **1-800-96-ABUSE** e **Nimewo Ijans pou Medicare 1-800-963-5337**. Ouvè 24 è de tan/ 7 jou pa semèn.

**KONFIDANSYALITE** – Konfidansyalite konsènan enfomasyon de eta sante ou, osi byen ke de sikonstans sosyal e/ou finansyèl ou. Enfomasyon e dosye de pasyan ap remèt a moun sèlman si ajan ou bay konsantman ekri, ou jan la lwa mande.

**KONPLEN PA PALE** – Konplen pa pale a pwopo swen pasyan, tretman, violasyon dwa jan lwa Florid di e/ou respè pou moun ou dwa ou pou gen afe-ou prive san ke yo pa diskrimine kont ou ou byen pini e pou konplen ou yo investige pa mezon de repo-a selon pwosede yo pou regle konplen.

**ITILIZASYON SÈVIS MORAL** – Aksede Komite Moral pou rezoud pwoblèm moral. Pou itilize sèvis sa, tanpri kontakte infimye prensipal ou e mande pou on konsiltasyon moral.

**ENFOME DE DEPANS E PRI** – Pou yo enfome –ou de nempot pri ou byen lajan lap koute ou a lavans pou sèvis ki ap reskonsabilite-ou. Avan tretman, ou gen dwa pou yo ba ou, jan ou mande, enfomasyon konple e konsèy ki nesèsè konsènan resous finansye ki disponib pou swen-ou. Ou gen dwa pou itilize nenpot asirans ou byen pwogram espesyal si ou kalifye.

**RESEVWA ON NONT POU PEYE KE OU KA KONPRANN** – Le ou mande, resevwa on kopi de on Nont ki klè, an detay, e fe yo eksplike chaj yo.

**KONNEN KE MEZON DE REPO-A SÈTIFYE** – Si ou kalifye pou Medicare/Medicaid, pou konnen si mezon de repo-a sètifye pou rambousman de Medicare/Medicaid e pou yo enfome-ou konplètman a pwopo de benefis de Medicare/Medicaid mezon de repo-a.

### **KOM ON PASYAN, OU MENM/MOUN KAP PRAN SWEN-OU GEN RESKONSABILITE POU:**

**PATISPE NAN PLAN TRETMAN** – Patispe nan developman Plan Tretman-ou e chanje-l jan ke bezwen ou byen kondisyon-ou mande.

**SUIV PLAN TRETMAN-AN** – Suiv plan tretman ke doktè-ou rekomande, ke mezon de repo a rekomande, ni lot moun kab ba-ou swen, jan ke ou te dako avek yo.

**REPOTE TOUT CHANJMAN NAN KONDISYON-OU** – Repote bay mezon de repo-a tout chanj man nan kondisyon-ou ke ou pat atann.

**RAPOTE SI OU KONPRANN OU NONN** – Rapote bay mezon de repo-a si ou konprann ou Nonn on plan de aksyon ke yo pwopoze e sa yo atann de ou menm.

**KENBE APRENTMAN YO** – Kenbe rande vou yo e, le ou pa kapab fè sa pou nenpot ki rezon, di moun kap baou swen de sante-a e mezon de repo-a.

**AKSYON-OU SI REFIZE TRETMAN** – Aksyon-ou si refize tretman, ou byen si ou pa suiv instriksyon moun kap ba-ou swen sante-a.

**BAY ENFOMASYON SANTE KI EKZAT** – Bay, nan pi gran mezi ke ou konnen, mezon de repo-a enfomasyon a pwopo de sante ki ekzat e konplèt a pwopo de pwoblèm kounye-a, a pwopo de maladi pase, ospitalizasyon, medikaman e lot bagay ki konsène sante-ou.

**RETE ANBA SWEN ON DOKTÈ** – Rete anba swen on dokte pandan wap resevwa sevis mezon de repo-a.

**KENBE ON MILIE KI SEN ESOF** – Ede moun kap travay pou mezon de repo-a pou yo develop e kenbe on milie ki sen esof kote ou resevwa swen-an.

**PRAN OBLIGASYON FINANSYE-OU SI LI NESESÈ** – Fè kou-ou konnen pou okipe obligasyon finansye pou swen de sante-ou le pli vit ke posib, si li nesèsè.

**SUIV RÈG HOSPICE** – Suiv règ e regilasyon mezon de repo-a bay ki konsène swen e konduit malad.